



Pou Piblikasyon Imedya: 7/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE KONSÈY KONSILTATIF POU REDUI  
POVRETE ANFANTIL NAN TOUT ETA A**

***Konsèy konsiltatif pou rediksyon povrete anfantil la pral reyini pou redui povrete  
anfantil an mwaye nan Eta New York pandan pwochèn deseni an***

***Yo te estime youn sou senk timoun ap viv nan povrete nan New York an 2021***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Konsèy Konsiltatif pou Rediksyon Povrete Anfantil (Child Poverty Reduction Advisory Council) ki pral devlope yon plan pou redwi povrete anfantil an mwaye nan pwochen deseni k ap vini an. Otorize atravè Lwa sou Rediksyon Povrete Anfantil (Child Poverty Reduction Act) la, panèl divès la pral kòmanse devlope plan sa a pandan premye reyinyon li nan Albany nan jedi 13 oktòb.

"Diminye povrete pou tout Nouyòkè yo - espesyalman pi jèn nou yo - se yon priyorite kle pou administrasyon mwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gwoup ekspè politik talantye ak divèsifye sa a, founisè sèvis yo, defansè yo, ak manm kominote a pral egzamine alafwa estrateji ki pwouve ak nouvo apwòch pou avanse objektif sa a epi adrese gwo inegalite sistemik ki pèpetre sik povrete nan kominote yo atravè Eta New York."

Konsèy la gen responsablite pou li devlope rekòmandasyon ki baze sou prèv pou diminye povrete anfantil nan Eta New York a 50 pousan pandan dis pwochen ane yo. Kòm yon pati nan efò sa a, konsèy la pral fè analiz done konplè, kreye yon kalandriye ak referans anyèl, detèmine mezi efikas pou mezire pwogrè eta a nan diminye povrete anfantil, epi bay rapò.

Jihoon Kim, ki se Sekretè Adjwen pou Sèvis Imen ak Ijyèn Mantal Gouvènè Hochul la, ansanm ak Daniel W. Tietz, ki se Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ap ko prezide konsèy la.

**Jihoon Kim, ki se Sekretè Adjwen pou Sèvis Imen ak Ijyèn Mantal Gouvènè a, te deklare,** "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te nonmen m kòm ko-prezidan Konsèy la. Administrasyon sa a angaje li pou li pran mezi konkrè pou soulaje estrès ekonomik, mantal ak emosyonèl ke twòp Nouyòkè, espesyalman timoun nou yo ap eksperimente. Konsèy la pral konsantre sou bati yon konsansis pou yon solisyon

politik nan yon sans laj ki ka ede kominote ki defavorize yo, ki gen ladan kominote koulè yo, chape anba povrete epi reyalize sekirite ekonomik."

**Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Se yon onè pou m sèvi kòm ko-prezidan Konsèy la e mwen kontan anpil pou m kòmanse travay enpòtan pou kreye yon plan ke nou ka itilize pou redwi povrete anfantil an mwaye nan pwochen deseni k ap vini an. Travay Konsèy la gen entansyon ekipe kèk nan Nouyòkè parèy nou yo ki pi majinalize ak vilnerab yo epi amelyore kalite lavi pou moun ki pi nan bezwen yo."

Manb legal konsèy la gen ladann:

- Shelia Poole, Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) an nan Eta a
- Kristin Denc, Komisè Enterim Depatman Deta pou Enpo ak Finans an matyè Tretman ak Sèvis pou Kontribyab yo
- Elana Marton, Direktris Enterim ak Avoka Konsèy Eta pou Timoun ak Fanmi an
- Ben Anderson, Direktè pou Plitik Sante ak Jistis Ekonomik Fon Defans pou Timoun (Children's Defense Fund) lan
- Richard Buery, PDG Fondasyon Robin Hood la
- Manm Kominotè Candace Cabral
- Manm Kominotè Pamela Walcott
- Shelly Callahan, manm Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a
- Kathy Connerton, manm Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier a
- Prezidan ak PDG Sant Schuyler pou Analiz ak Defans lan, Kate Breslin
- Allison Lake, Direktè Egzekitif Asosiyasyon Timoun Westchester (Westchester Children's Association)
- Peter Nabozny, Direktè Politik Children's Agenda (Ajanda Timoun yo)
- Dia Bryant, Direktè Egzekitif, The Education Trust
- Lisa Fitzpatrick, Administratè Administrasyon Resous Imèn Vil New York
- Marie Cannon, Kominsè Depatman Sèvis Sosyal Konte Erie

Plizyè santèn milye timoun ap viv nan povrete nan tout Eta New York an 2021, dapre done [Biwo Resansman Ameriken an ki te konpile pa Annie E. Casey Foundation](#). Sa reprezante plis pase 15 pousan oswa prèske youn sou senk timoun atravè eta a.

Konsèy Konsiltatif pou Rediksyon Povrete Anfantil Eta New York la pral fè premye reyinyon li a 10 a.m. jedi 13 oktòb, a 10 a.m., nan Meeting Room 6 (Sal Reyinyon 6) nan Empire State Plaza nan Albany. Reyinyon an ouvri pou piblik la epi yo ka gade li tou sou [entènè](#), ansanm ak materyèl Konsèy la pral diskite, ki pral disponib nan lyen sa a jounen anvan reyinyon an: [otda.ny.gov/news/meetings/](https://otda.ny.gov/news/meetings/).

###